

FAQ (Kesyon Moun Poze Souvan) sou Fason pou Enskri pou Vote



Kijan pou mwen enskri non mwen pou vote?

Ranpli yon fòm enskripsyon elektè epi remèt li poukont ou oswa pa lapòs ba Komisyon Eleksyon (Board of Elections, BOE) Vil New York. Ou kapab telechaje yon fòm enskripsyon sou sitwèb BOE (www.vote.nyc.ny.us), ou kapab pase pran youn nan biwo BO lokal ou, nan anpil biwo sèvis kliyantèl ajans Vil New York, oswa rele nimewo 866-VOTE-NYC (212-487-5496 pou moun ki mal pou tande) pou mande youn pa lapòs. Moun ki nan New York kapab enskri sou entènèt tou (gade anba a). Dat limit pou soumèt fòm enskripsyon ki tenbre epi anpèsòn se 25 jou anvan eleksyon ou vle vote ladan an.

Èske mwen kapab enskri sou entènèt pou mwen vote?

Enskripsyon elektè sou entènèt disponib nan DMV, men ou bezwen gen youn ID valab Eta New York. Ale sou sitwèb DMV pou kreye yon pwofil epi pou enskri sou entènèt: <http://dmv.ny.gov/more-info/electronic-voter-registration-application>.

Mwen pa konnen si mwen enskri pou vote—kijan mwen kapab konnen sa?

Itilize Voter Registration Look-up (Rechèch Enskripsyon Elektè) (<http://voterlookup.elections.state.ny.us>) pou tcheke sitiwayon enskripsyon ou sou entènèt, oswa rele nimewo 866-VOTE-NYC pou jwenn èd.

Èske enskripsyon mwen te kapab ekspire?

Enskripsyon ou pa gen dat ekspirasyon, men li ka vin pa aktif si ou pa t vote nan dènye de (2) eleksyon federal yo, oswa si ou te chanje adrès epi ou pa t modifye adrès ou avèk BOE.

Kisa pou mwen fè si mwen te vin abite nan Vil New York depi dènye fwa mwen te vote?

Lè ou chanje adrès, lwa Eta New York egzije pou chanje adrès ou avèk BOE nan 25 jou. Ou fè sa depi ou soumèt youn nouvo fòm enskripsyon elektè epi depi ou bay enfòmasyon sou fòm nan, ansanm ak enfòmasyon nan kaz ki rele "Enfòmasyon pou vote ki te chanje." Ranpli espas pou mete nouvo ak ansyen adrès ou, koche kaz pou pati politik ou vle enskri a (fè sa menm si ou te enskri nan youn pati politik nan ansyen adrès ou), epitou bay nenpòt enfòmasyon yo mande ou. Si ou te chanje adrès ou men ou pa t chanje li avèk BOE anvan dat limit lan, ou ta dwe ale nan **nouvo** biwo vòt ou epi vote avèk vòt sou deklarasyon sou sèman. Rele nimewo 866-VOTE-NYC pou konnen si yo te travay sou chanjman adrès ou.

Èske kondanasyon pou yon krim afekte dwa mwen pou enskri ak vote?

Ou **pa** ka ni enskri ni vote, si lajistis te kondane ou pou yon krim epi pou krim sa a:

- Ou nan prizon nan moman an; oswa
- Ou sou sipèvizyon nan libète sou kondisyon.

Ou ka enskri epi vote si lajistis te kondane ou pou yon krim epi pou krim sa a:

- Lajistis te kondane ou pou mete ou nan pwobasyon;
- Ou pa t jwenn santans pou ale nan prizon oswa yo te sispann santans prizon ou;
- Ou te sèvi santans prizon maksimòm ou, nan ka kote ou kapab enskri ankò pou vote
- Ou te gen libète sou kondisyon epi ansuit ou te jwenn libète ou nèt, nan ka kote ou kapab enskri ankò pou vote; oswa
- Ou te resevwa yon padon.

Èske kondanasyon pou yon deli afekte dwa mwen pou enskri ak vote?

Ou kapab enskri pou vote, menm pandan ou nan prizon an, si lajistis te kondane ou pou yon deli sèlman. Menm règ yo aplike si lajistis te kondane ou nan yon tribinal New York, nan tribinal yon lòt eta, oswa nan yon tribinal federal. Ou pa bezwen bay okenn dokiman sou dosye kriminèl ou pou ou enskri ak vote.

Mwen se yon sanzabri nan moman an, èske mwen kapab enskri ak vote?

Wi, ou gen dwa pou enskri ak vote. Ranpli yon fòm enskripsyon elektè epi ekri yon kote yo kapab jwenn ou, tankou “Bench on Central Park on 86th Street,” kòm adrès kote w ap viv la. Y ap ba ou yon biwo vòt dapre adrès sa a. Ekri adrès yonabri, yon bwat postal, oswa manm fanmi ou kòm adrès kote w ap resevwa lèt lapòs. Y ap voye kat elektè ou ba ou nan adrès sa a.